

Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun



Pangeran Janten Angon



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
M. Maillot, Lazarus, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: E. Frischbutter, Sarah S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.

1




Dina hiji poé Musa ningali urang Mesir neunggeul budak Ibrani. Sanaos Musa digedékeun sareng dididik salaku pangeran di karaton Firaun, anjeunna ogé urang Ibrani.


Anjeunna kedah nulungan budak éta.

2


Bari molotot ka sabudeureun pikeun mastikeun taya nu ningal, Musa ngarajang juragan budak nu kejem. Dina tarung saterusna, Musa maehan urang Mesir. Gancang, manéhna ngubur eta layon.



Isukna, Musa ningali dua urang Ibrani keur gelut. Anjeunna nyobian ngeureunkeun anu garelut. Ceuk nu saurang, "Naha maneh arek maehan kuring sakumaha maehan urang Mesir?" Musa ngadadak sieun. Sigana sadayana terang ngeunaan kajadian kamari. Firaun terang. Musa kudu kabur. Manéhna indit ka hiji nagri nu disebut Midian.




Nalika Musa istirahat gigireun sumur, tujuh putri imam Midian ngeusian palung pikeun nyiraman domba ramana.



Angon séjén nyoba nyingsieunan aranjeunna. Musa ngajaga jeung mantuan éta awéwé.



"Anjeun gancang balik ka imah!" Reuel, bapana budak awéwé ngageroan. Nalika budak awéwé ngajelaskeun alesanana, anjeunna nyarios, "Bawa éta lalaki ka dieu." Musa hirup jeung Reuel, anu ogé




disebut Yitro. Saterusna, Musa nikah sareng putri Reuel nu pangkolotna.

Balik ka Mesir, Firaun tos maot. Umat Gusti, urang Ibrani, masih keneh jadi budak beulian. Maranehna nyerengéh dina sangsara

maranéhanana! Maranéhna ngadoa ménta bantuan Gusti! Gusti teh ngadangu doa maranéhanana.



Musa henteu terang Gusti ngarencanakeun yen anjeunna bakal ngabantosan urang Ibrani anu diperbudak. Opat puluh taun geus kaliwat saprak Musa ninggalkeun Mesir. Anjeunna tukang ngangon domba Reuel. Tapi anjeunna pasti sono



ka bangsana sorangan di Mesir.


9

Dina hiji poé, Musa ningali aya hiji rungkun caket seuneu. Tapi seuneuna henteu ngadurukan rungkun. Musa panasaran hoyong terang alesanana.



10

Nalika Musa ngadeukeutan, Gusti nyauran anjeunna kaluar tina rungkun. "Musa!" "Ieu abdi," saur Musa. "Ulah deukeut teuing," saur Gusti. "Leupaskeun eta sendal anjeun, sabab tempat anjeun nangtung teh taneuh suci."



11

"Kuring bakal ngutus anjeun ka Firaun pikeun ngaluarkeun umat Kami ti Mesir," saur Gusti. Nanging Musa sieun indit kaditu teh.



12

Salajengna Gusti némbongkeun ka Musa kakawasaan-Na nu agung. Anjeunna ngarobah tongkat Musa jadi oray.



13

Nalika Musa ngangkat oray tina buntutna, eta oray teh jadi tongkat deui. Gusti masihan tanda deui nu sejen.



14


"Tempelkeun leungeun kana dada," paréntah-Na. Musa ngalakukeun kitu. Ngadadak leungeunna jadi bodas ku lepra.



Sabot ngalampahkeun kitu deui, leungeunna cageur.



Musa angger ngabantah. "Kuring teh henteu saé nyarios," saurna ka Gusti. Cariosanna matak Gusti bendu. "Kuring bakal nganggo Harun, lanceuk anjeun, pikeun nyarioskeun kecap naon anu anjeun kedah carioskeun," saur-Na.



Musa balik deui ka Yitro, ngarangkep barang-barangna, tuluy indit ka Mesir.



Gusti mingpin lanceukna Musa Harun papanggih Musa di gunung. Musa nyarioskeun ka Harun sadayana ngeunaan rencana Gusti pikeun ngabebaskeun urang Ibrani ti Mesir.



Babarengan, maranéhna mawa warta ka pamingpin Ibrani. Ssaprak Musa némbongkeun tanda-tanda éta ka para sesepuh Ibrani, maranéhna terang yén Allah bakal nulungan maranéhna. Babarengan, aranjeunna sujud nyembah.



Kalawan wani, Musa jeung Harun indit ka Firaun. "Gusti ngandika, 'Geura bebaskeun umat kami sina indit', " ceuk maranehna ka anjeunna.



21

"Kami moal ngantep Israil indit," jawab Firaun. Anjeunna moal nurut ka Gusti. Gusti kedah ngaguna-keun kakawasaan-Na anu ageung pikeun ngarobah pikiran Firaun.



22

Pangeran Janten Angon


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Kaluaran 2-5

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu masihan Caang." Psalm 119:130

23



10



60

24

Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaeun yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

25